



## **PWOSÈ VÈBAL OFISYÈL RETRÈT KOMITE LEKÒL BOSTON NAN**

**13 Oktòb 2022**

Komite Lekòl Boston nan te òganize yon retrèt an pèsòn 13 Oktòb 2022 a 6 p.m. nan Bruce C. Bolling Municipal Building, 2300 Washington Street, School Committee Chamber, Roxbury, Massachusetts. Pou jwenn plis enfòmasyon sou sa ki ekri anba yo, ale sou [www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee](http://www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee), imèl [feedback@bostonpublicschools.org](mailto:feedback@bostonpublicschools.org) oswa rele Biwo Komite lekòl Boston nan (617) 635-9014.

### **PREZANS**

Manm Komite a ki te prezan: Prezidan Jeri Robinson; Vis Prezidan Michael D. O'Neill; Stephen Alkins (te rive pandan seyans lan te ankou); Lorena Lopera; Rafaela Polanco Garcia; Quoc Tran; ak reprezantan elèv Diego Meta.

Manm Komite a ki te absan: Brandon Cardet-Hernandez.

### **DOKIMAN YO TE PREZANTE**

[Ajanda](#)

[Kad Gouvènans Distri Lekòl la: Yon Apwòch Entegre PowerPoint](#)

[Chanm Komite Lekòl la Power Point Domèn Konsantrasyon Sirentandan pou Ane Lekòl 2022-2023](#)

### **RAPÈL A LÒD**

Prezidan Jeri Robinson te raple retrèt la alòd. Li te deklare ke dokiman reyinyon yo te disponib piblikman anliy nan [bostonpublicschools.org/schoolcommittee](http://bostonpublicschools.org/schoolcommittee) nan dat jodi ki te: jeudi 13 octobre 2022.

## **Retrèt Komite Lekòl Boston nan**

Bruce C. Bolling Municipal Building  
School Committee Chamber  
2300 Washington Street  
Roxbury, Massachusetts

**13 Oktòb 2022**

### **BYENVINI AK ENTWODIKSYON**

Prezidan Robinson te remèsye Sirentandan Skipper poutèt li te ede òganize retrèt la. Li te envite manm Komite yo ak manm ekip lidèchip senyò Sirentandan pou prezante tèt yo.

Madam Robinson te deklare objektif retrèt la se te pou Komite a ak Sirentandan met tèt yo ansanm pou òganize tèt yo otou kèk priyorite an komen. Nan note ke enpak pandemi COVID la ak chanjman lidèchip yo nan nivo distri a ak nan vil la, li te rele retrèt la yon okazyon pou rekonekte epi kòmanse ane lekòl la an fòs.

Madam Robinson te prezante animatè sware a, John Kim, Fondatè ak PDG Gwoup Jesyon Distri a, yon pwofesè nan Harvard Business School ak Ko-Prezidan Pwojè Lidèchip Edikasyon Piblik (Public Education Leadership Project, PELP). Mesye Kim te revize yon jan brèf ajanda a.

### **KAD GOUVÈNANS DISTRI LEKÒL LA: YON APWÒCH ENTEGRE**

Mesye Kim te envoke enpak jeneralize pandemi COVID la, nan prezante li tankou yon opòtinite pou dirijan yo pou yo repanse mod fonksyonman pa yo.

Kat tandans Kle:

- Konpetisyon ki pi gran pou elèv yo: Fanmi yo te vin pi bon konsomatè edikasyon
- Akselerasyon ritm chanjman, an patikilye chanjman ki akse sou teknoloji
- "Degwoupaj" Pwofesè yo ak Lekòl yo. Lekòl yo pral bezwen repanse ak wol pwofesè a...pa sèlman rekrite plis pwofesè
- Fason nou mezire ak/oubyen defini pèfòmans/revisit ap chanje rapidman

Enplikasyon Alavni yo:

- Paran yo pral vin menm pi bon konsomatè edikasyon
- Lekòl yo bezwen konsantre sou inovasyon ak chanjman
- Degwoupaj edikasyon: chanjman wol pwofesè yo Chanjman rive nan fason nou mezire pèfòmans nan elaji definisyon revisit

### **PRIYORITE SIRENTANDAN YO POU ANE LEKÒL 2022-2023**

Sirentandan Mary Skipper te eksprime gratitud li pou opòtinite pou sèvi kòm Sirentandan Lekòl Piblik Boston yo. Li te pale sou travay an kolaborasyon ki nesèsè pou fè avanse distri a epi amelyore rezilta elèv yo. Li te fè rapèl pou yon konsantrasyon sou "timoun nan antye," nan founi sipò akademik, fizik ak sosyo emosyonèl.

Li te defini kèk domèn konsantrasyon fiks pou Ane Lekòl SY2022-23 a:

**Retrèt Komite Lekòl Boston nan**

Bruce C. Bolling Municipal Building  
School Committee Chamber  
2300 Washington Street  
Roxbury, Massachusetts

**13 Oktòb 2022**

**Domèn Konsantrasyon 1: Priyorize ak akselere pèfòmans akademik yo**

1. Ogmante aksè ak yon aprantisaj nivo lekòl ki adapte ak kilti e ak lang nan gras ak yon Literasi Ekitab, ki gen ladan divès sistèm sipò a plizyè nivo
2. Elaji pwogram enklizyon yo pou tout elèv yo an patenarya avèk Sendika Pwofesè Boston yo
3. Elaji Edikasyon Bileng pou asire siksè aprenan miltileng yo
4. Ogmante opòtinite segondè pou opsyon MassCore/edikatif yo

**Domèn Konsantrasyon 2: Ranfòse Aksè ak Aprantisaj Sosyo Emosyonèl**

1. Mete aksan sou dekwochaj ak absanteyism kwonik pou maksimize angajman elèv yo
2. Mete an èv konplètman ekip sipò elèv yo nan chak lekòl
3. Patenarya andeyò lè lekòl yo
4. Kanpay anti-entimidasyon ak aktivasyon espesyalis an entèvansyon

**Domèn Konsantrasyon 3: Rasyonalizasyon Operasyon yo epi Garanti Sekirize Elèv yo**

1. Kolabore etwatman avèk ajans vil yo
2. Fòme ak aliye pwosedi ak pwotokòl sekirite yo nan distri a
3. Ogmante envestisman nan jistis reparatris, medyasyon ak soutyen afektif sosyal yo
4. Envesti nan kamera sekirite ak lòt teknoloji sekirite yo

**Domèn Konsantrasyon 4: Devlope divès Pratik Otantik Angajman Fanmi ak Kominotè**

1. Ogmante aksè lengwistik pou pèmèt yon patisipasyon pi laj paran yo ak kominote a
2. Devlope yon angajman kominotè otantik pou Green New Deal (Nouvo Akò Vèt)
3. Ranfòse vwa paran yo, opòtinite aprantisaj yo ak ajans
4. Pwofite de tab wonn kominotè yo ak eskolè yo sou ekite nan elaborasyon politik yo antan ke liy direktris pou òganizasyon an

**Domèn Konsantrasyon 5: Amelyore Kominikasyon Entèn ak Ekstèn avèk Fanmi yo ak Pèsonèl yo**

1. Ogmante kominikasyon ouvri, transparan, ak otantik avèk elèv yo e ak fanmi yo
2. Priyorize kominikasyon entèn yo avèk divès mizajou atan pou elèv yo, fanmi yo, ak pèsonèl la
3. Difize divès istwa pozitif nan tout distri a pou anplifye eksperyans elèv nou yo, fanmi yo, ak pèsonèl la
4. Bay lekòl yo sipò kominikasyon 24/7 an repons ak ensidan yo pou kenbe elèv yo, fanmi yo, ak pèsonèl la byen enfòme

## **Retrèt Komite Lekòl Boston nan**

Bruce C. Bolling Municipal Building  
School Committee Chamber  
2300 Washington Street  
Roxbury, Massachusetts

**13 Oktòb 2022**

5. Angaje avèk manm medya yo 24/7

Domèn Konsantrasyon 6: Ogmante responsabilizasyon Biwo Santral la ak Lekòl yo

1. Estrikti soutyen renyonal pou lekòl yo pou asire yon sipò a tan ak responsabilizasyon ki rekòmande
2. Ogmante resous yo pou lekòl yo pou mete an plas konplètman sipò elèv yo ak politik e pwosedi sekirite
3. Ogmante responsabilite pou lekòl yo ak biwo santral pou asire fidelite mizannèv la
4. Egzamen konplè domèn kle sistèm nan (pa egzanp, transpò, sekirite lekòl, edikasyon espesyal) epi mete an èv divès referans klè ki tradwi an pwogrè materyèl

Manm yo mande pou klarifye kesyon yo sou sekirite ak responsabilite lekòl la, Sirentandan te reponn tout sa yo. Sirentandan te deklare li favorab ak yon apwòch verifikasyon travay pandan l ap rann li sou tèren an, pandan l ap montre dilijans rezonab ak nan ensiste sou amelyorasyon kontini. Doktè Alkins te poze kesyon sou evalyasyon modèl jistis restorativ distri a. Sirentandan te deklare ke pratik jistis restorativ la an patenarya avèk yon sipò byennèt sosyo emosyonèl fò se yon konbinezon pwisan. Madam Lopera te mande ki mezi Sirentandan pral itilize pou mezire siksè. Sirentandan te di li vle genyen lòt dyalòg toujou avèk Komite a sou kòman li pral kenbe li responsab.

## **DISKISYON SOU KÒMAN KOMITE LEKÒL LA KAPAB SOUTNI PRIYORITE YO**

Mesye Kim te mande manm komite yo pou reflechi ak kesyon swivan yo:

- Ki wol Komite Lekòl la kapab jwe nan kreye kondisyon pou siksè?
- Kisa ki motive ou pou w vin yon manm Komite Lekòl la?

Manm yo te brize rezon pèsònèl pa yo pou rejwenn Komite a, ki te gen ladan vya yo ak yon angajman ak jistis sosyal e ak ekite.

Mesye Kim te mande manm yo pou patisipe nan yon egzèsis kote yo te mande yo pou evalye yon jan konfidansyèl, sou yon echèl 1-10 (10 se sa k pi wo a), nan ki mezi estrikti aktyèl Komite a ede li atenn objektif li yo. Majorite repons te enferyè a senk. Mesye Kim te di Komite a gen pouvwa pou fè chanjman epi pote amelyorasyon.

Mesye Kim te reegzamine Kad Gouvènans Pwojè Lidèchip nan Edikasyon Piblik (PELP) Harvard Graduate School of Education, Kad Koyerans PELP, ak Modèl Gouvènans PELP Li te souliye ke yo dwe konprann Teyori Chanjman/Aksyon yo epi tout moun dwe posede yo. Estrateji a dwe aliye sou Teyori Chanjman.

Mesye Kim te mande manm Komite yo pou reflekte wol pa yo ak responsabilite pa yo epi konsidere kesyon swivan yo:

## **Retrèt Komite Lekòl Boston nan**

Bruce C. Bolling Municipal Building  
School Committee Chamber  
2300 Washington Street  
Roxbury, Massachusetts

### **13 Oktòb 2022**

- Kijan Komite Lekòl la pral kreye kondisyon pou siksè?
- Ki faktè 1 oubyen 2 ki pi enpòtan, si yo te amelyore, nan estrikti gouvènans/operasyon yo, t ap ede ou atenn objektif ou yo?: Kisa? Kòman?

Mesye O’Neill te remake ke plizyè nan nouvo manm Komite yo pa t fè pati pwosesis planifikasyon estratejik la avan sa oubyen devlopman objektif yo ak valè yo, kidonk pa genyen yon santiman pwopriyete pataje pou travay sa yo. Li te pale sou prensipal wol Komite a antan ke yon konsèy elaborasyon politik kote desizyon yo pran an kolaborasyon avèk komite a. Li te pale konsènan eseye jwenn bon ekilib la nan kote Komite a kapab konsantre sou kesyon politik yo anplis nan bay distri a yon veyikil pou kominike avèk fanmi yo.

Mesye Robinson te deklare nan kèk kote, reyinyon Komite yo te vin yon referansyèl tout zafè BPS, ki ap sèvi kòm yon “fourer tout” pou tout pwoblèm distri yo.

Sirentandan te deklare distri a bezwen pwofite de ekspètiz manm Komite yo nan lòt fason, paske estrikti aktyèl Komite a pa pèmèt dyalòg sa. Li te sigjere pou restriktire reyinyon yo nan yon fason ki pèmèt manm yo vin pi byen enfòmè travay la.

Madam Polanco Garcia te pale sou wol enpòtan òganizasyon komite yo jwe. Li te deklare ke souvan fanmi yo pa wè Komite a antan ke yon òganism gouvènans, men pito kòm yon veyikil pou rezoud pwoblèm operasyonèl yo. Li te deklare Komite a bezwen klarifye wol li epi konsantre sou rezilta elèv yo.

Madam Lopera te di pèspektiv yo ak eksperyans manm Komite yo drastikman diferan.

Doktè Alkins te deklare genyen yon konpreyansyon pataje sou objektif komen pou amelyore rezilta elèv yo ak ekite nan kesyon edikasyon. Estrikti aktyèl la pa apwopriye ak dyalòg.

Mesye Kim te konkli seyans lan nan poze kesyon kle ki vin an apre yo pou yon konsiderasyon alavni:

Kòman yon distri:

- Kreye kondisyon pou bati kapasite distri a pou dirije epi pèmèt divès pèfòmans elve nan tout lekòl yo?
- Elabore yon teyori chanjman ki etwatman entegre ak yon estrateji amelyorasyon nan echèl distri a? Bati tout eleman òganizasyon yo kòm yon sistèm entegre – HR, alokasyon resous, mezi pèfòmans, elatriye?
- Bati kapasite lidèchip nan tout nivo?
- Etabli yon kilti atant elve?
- Konsantre nou sou amelyorasyon kontini?
- Kominike nouvo vizyon epi enplike tout moun nan kominote a – paran yo, pwofesè yo, sendika yo, antrepriz, elatriye, abò?

**Retrèt Komite Lekòl Boston nan**

Bruce C. Bolling Municipal Building  
School Committee Chamber  
2300 Washington Street  
Roxbury, Massachusetts

**13 Oktòb 2022**

Mesye Kim te konkli nan di li pral fè swivi avèk Komite a avèk panse sou kòman pou avanse avèk travay la.

**KÒMANTÈ PIBLIK**

John Mudd, avoka, te temwànye konsènan eka reyisit, divèsite pwofesè yo, ak rapò sou enpak sou ekite. Li te sijere pou rapò distri yo bay Komite Lekòl la dwe estriktire an twa pati: yon tyè done, yon tyè leson ki aprann, ak yon tyè aksyon ki rekòmande.

Marinelle Rousmainiere, PDG, EdVestors, te pale sou enpòtans responsabilite ak mizannèv la.


**KÒMANTÈ FINAL YO**

Prezidan Robinson te pwopoze kòmantè final yo, nan remèsye Mesye Kim pou anime diskisyon an. Li te eksprime gratitud li bay Sirentandan Skipper ansanm ak Komite a poutèt yo reyini otou divès priyorite komen ki plase BPS nan yon pozisyon pi fò pou travay enpòtan k ap vini an.

**REPÒTE**

Ozanviwon 08:02 pm, Komite a te vote a inanimite pou ranvwaye reyinyon an.

Ateste:



Elizabeth Sullivan  
Sekretè Egzekitif